



Pou Piblikasyon Imedya: 26/02/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ÒDONE AJANS ETA YO POU DEPLWAYE RESOUS REPOUS AKOZ YO PREVWA ANPIL NÈJ AK GWO VAN POU KÈK PÒSYON NAN REJYON NÒ ETA NEW YORK

Akimilasyon Nèj nan Pati North Country Ka Rive nan Twa Pye vè Samdi, Li Posib pou Jiska De Pye nan Sidwès New York

Yo Te Pibliye Avètisman pou Inondasyon Lakeshore pou Konte ki Sou Riv Lak Ontario yo Apati Mèkredi Swa Akoz Nivo Dlo Elve ak Aksyon Vak yo

Gouvènè Andrew M. Cuomo te òdone ajans eta yo jodi a pou deplwaye resous pou repons kont tanpèt nan Lwès New York, New York Santral ak North Country anvan gwo tanpèt nèj ak gwo van yo prevwa k ap frape eta a soti mèkredi rive samdi. Nan sa ki gen pou wè ak gwo akimilasyon yo, previzyon kounye a yo prevwa posiblite pou jiska twa pye nèj nan pati lwès North Country e jiska de pye nan pati sid Lwès New York.

Pandan eta a ap prepare resous li yo epi kowòdone efò repons yo ak patnè lokal yo, Gouvènè Cuomo ap ankouraje Moun New York yo tou pou asire ke yo prepare pou kondisyon deplasman ki ka danjere epi rete vijilan sou previzyon meteyo yo pou swiv evolisyon yo.

"Pandan move kondisyon meteyo ivènal yo ap chanje atravè plizyè pòsyon nan eta a aswè a epi kontinye pandan wikenn lan, m ap ankouraje Moun New York nan zòn sa yo pou prepare epi pran prekosyon lè y ap kondui akòz vizibilite a diminye ak gwo van fò yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Mwen te òdone resous eta yo pou mobilize plis resous nan zòn k ap frape pi fò yo, e n ap kontwole kondisyon yo aktivman epi ede patnè lokal nou yo jan sa nesèsè."

Vè samdi, previzyon yo prevwa omwen yon pye nèj ap tonbe nan pati Lwès New York, Finger Lakes, New York Santral ak rejyon North Country ki limite Lak Ontario yo. Yo prevwa pi gwo total akimilasyon nèj yo ap nan rejyon Tug Hill North Country, kote jiska twa pye nèj posib. Anplis, yo prevwa pou pati sid Lwès New York la obsève jiska de pye nèj. Nan toulede zòn yo, frekans chit nèj yo ka depase de pous pa è pa moman avèk rafal van jiska 64 kilomèt alè, ki ta ka rann kondisyon pou kondui yo danjere. Anplis, zòn ki sou litoral Lak Ontario yo ka eksperimente inondasyon nan rivaj la akòz konbinezon gwo nivo dlo ak gwo vag yo. Sa posib espesyalman nan bè, nan bra rivyè ak lòt zòn ki ba sou tout rivaj la. Ka genyen ewozyon bò dlo enpòtan ki fèt tou.

Yo prevwa pou chit nèj la pi piti anpil nan lòt kote nan eta a, avèk previzyon de a kat pous nan rejyon Southern Tier ak pati sid Mohawk Valley ak Finger Lakes yo. Moun New York nan Rejyon Kapital, Rejyon Mid-Hudson, Vil New York ak Long Island yo ta dwe atann ak lapli prensipalman.

Sèvis Meteyo Nasyonal la te pibliye plizyè obsèvasyon, avètisman, konsèy ki asosye ak tanpèt sa. Nouyòkè yo kapab gade lis konplè avi sa yo, epi aksede ak dènye previzyon yo, lè yo vizite sitwèb Sèvis Meteyo Nasyonal la [isit la](#).

Preparasyon Ajans

Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis Ijans lan (Division of Homeland Security and Emergency Services)

Y ap aktive Sant Operasyon Ijans Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis Ijans lan nan Nivo 4 - pou Amelyore Modalite Siveyans - a 8 è a.m. jedi maten epi l ap kontwòle kondisyon metewolojik yo, kowòdone operasyon repons eta a epi rete an kontak avèk lokalite yo pandan tout dire evènman an. Rezèv Eta yo prepare tou pou deplwaye resous yo nan lokalite ki afekte pa bezwen ki gen rapò ak tanpèt la yo. Anplis, lidèchip Biwo Jesyon Ijans (Office of Emergency Management) lan te kowòdone ak ajans patnè yo pou deplwaye nan fason estratejik motonèj ak lòt resous ki sipòte operasyon sekou yo nan zòn kote yo prevwa k ap afekte pi plis yo.

Depatman Transpò (Department of Transportation)

Depatman Transpò Eta a prepare pou reponn ak 3,802 operatè ak sipèvizè ki disponib. Ekip rejyonal yo angaje kounye a nan preparasyon kont nèj ak glas. Tout kote moun rete yo ap genyen pèsònèl pou operasyon 24 sou 24 pandan tout dire evènman an ak operasyon netwayaj priyorite yo.

Pou sipòte aktivite kont nèj ak glas nan zòn kritik yo, yo te deplwaye yon total 54 anplwaye ak 22 kamyon chasnèj. Yo distribiye yo konsa:

- New York Santral ap resevwa 12 operatè chasnèj, twa sipèvizè, ak sis kamyon chasnèj soti nan Rejyon Mid-Hudson nan; uit operatè chasnè, yon sipèvizè ak kat kamyon chasnèj soti nan Southern Tier ak yon espesyalis sistèm kòmand ensidan ki soti nan Rejyon Kapital la.
- Lwès New York ap resevwa 10 operatè chasnèj, de sipèvizè ak senk kamyon chasnèj soti nan Southern Tier.
- Rejyon North Country ap resevwa kat operatè chasnèj, yon pwofesè operatè ekipman, ak de kamyon chasnèj ki soti nan Rejyon Mid-Hudson.

Y ap re-evalye nesesite pou plis resous jan kondisyon yo mande sa Tout ekipman ki disponib yo pare pou deplwaye. Flòt Mekanik nan zòn ki afekte yo ap gen anplwaye nan tout lye rezidans prensipal yo 24/7 pou fè reparasyon epi mentni kamyon yo sou wout la. Men resous yo pou tout eta a:

- 1583 gwo kamyon chasnèj
- 328 gwo chajè
- 179 kamyon chari mwayen yo
- 51 remòk chasnèj

- 40 souflez nèj
- 19 nivlez

Otorite Thruway (Thruway Authority)

Otorite Thruway a gen plis pase 703 sipèvizè ak operatè ki prè pou deplwaye 244 gwo chas nèj, 104 chas nèj mwayen ak 11 charyo remòkè ak 62 chajè toupatou atravè eta a ak plis pase 119,500 tòn sèl pou wout yo ki disponib sou plas. Yo itilize Pano pou Mesaj Varyab (Variable Message Signs), Anons Radyo sou Otowout la (Highway Advisory Radio) ak rezo sosyal yo pou avèti otomobilis yo sou kondisyon move tan ivè pandan yo sou Thruway la.

Otorite Thruway yo ankouraje otomobilis yo tou pou telechaje [aplikasyon mobil](#) li an, ki disponib gratis sou aparèy iPhone ak Android yo. Aplikasyon an bay otomobilis yo enfòmasyon sou sikilasyon an nan tan reyèl, ansanm avèk asistans pou navigasyon pandan yo sou wout. Otomobilis yo kapab enskri tou pou imèl [TRANSalert](#) k'ap bay dènye kondisyon sikilasyon yo sou Thruway la [isit la](#).

Depatman Pwoteksyon Anviwònman (Department of Environmental Conservation, DEC)

Ofisye Lapolis Pwoteksyon Anviwònman DEC yo, Gad Forè yo, anplwaye Jesyon Dijans yo, ak anplwaye rejyonal yo nan eta dalèt epi yo ap siveye sitiyoasyon ki ap devlope a epi yo aktivman ap fè patwouy nan zòn ak enfrastrikti ki gen anpil chans pou yo sibi dega poutèt move tan. Tout resous disponib yo prè pou ede ak nenpòt repons ijans.

Lapolis Eta New York

Polis Eta New York yo te bay tout Ofisye yo enstriksyon pou kontwole kondisyon yo de prè pou si ta gen nenpòt pwoblèm epi y ap prepare pou deplwaye plis patwouy nan zòn ki afekte yo si sa nesèsè. Tout veyikil touteren yo an sèvis epi tout veyikil espesyalize, tankou motonèj ak veyikil itilite yo òganize epi pare pou deplwaman.

Biwo Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation)

Polis Pak Eta New York ak anplwaye pak yo rete alète epi yap swiv depre kondisyon meteyowoljik ak enpak yo. Vizite pak yo dwe gade [parks.ny.gov](#) oswa rele biwo pak lokal yo pou yo jwenn dènye nouvel konsènan lè fonksyonman pak yo, lè ouvèti ak fèmti yo.

Depatman Sèvis Piblik (Department of Public Service)

Sèvis piblik New York genyen apeprè 4,500 travayè disponib ki angaje nan evalyasyon domaj, repons ak restorasyon atravè Eta New York. Pèsonèl nan Depatman Sèvis Piblik la yo pral retrase travay sèvis piblik yo ap fè pandan tout evènman tanpèt la epi li pral asire ke sèvis piblik yo ap transfere pèsonèl ki apwopriye yo nan rejyon ke yo prevwa ki ka fè fas ak pi gwo enpak yo.

Lòt konsèy sekirite

- Lè tanpèt ivè yo rive, pa kondui si li pa vrèman nesèsè.
- Pran prekosyon sou pon yo paske li ka fè glas la pi vit pase sou wout yo.

- Fèy mouye ki sou wout yo kapab lakòz atè a glise, sa ki fè li enpòtan pou kondui pi dousman lè wap pwoche kote ki kouvri ak fèy yo.
- Verifye machin ou gen ladan lenn, yon pèl, flach ak pil anplis, rad cho anplis, yon pè chèn pou kawotchou, kab boustè pou batri, manje ki bay enèji rapid ak rad ki gen koulè klere pou sèvi kòm drapo detrès.
- Kenbe tank gaz ou plen pou evite gazolin nan friz.
- Si ou gen telefòn selilè oswa yon wòki tòki disponib pou w sèvi, kenbe batri a chaje epi kenbe l avè w tout lè w'ap vwayaje. Si w ta vin bloke, wap kapab rele pou mande èd, enfòmè sekouris yo sou kote w ye.
- Asire w ke yon moun konnen plan vwayaj ou.
- Pandan wap kondui, kenbe machin yo lwen glas ak nèj.
- Planifye arè yo epi kite distans ant machin yo. Toujou koresponn vitès ou selon kondisyon wout la epi selon tan.

Li enpòtan konnen vitès chas-nèj yo se 56 kilomèt alè, sa ki nan anpil ka pi ba pase limit vitès ki make a, pou yo ka garanti sèl yo simen an rete nan vwa sikilasyon yo epi pa dispèse andeyò wout yo. Anpil fwa sou otowout ant eta yo, chasnèj yo opere kòtakòt, kòm se fason ki pi efikas epi ki ofri plis garanti pou netwaye plizyè vwa yon sèl kou.

Chofè machin ak pyeton dwe sonje chofè chasnèj yo ka wè devan yo sou yon distans limite, epi gwosè ak pwa chasnèj yo ka fè l difisil pou manevre epi frennen touswit. Nèj chasnèj la ap soufle dèyè li ka diminye vizibilite anpil oubyen kreye yon vwal blan. Chofè machin yo pa ta dwe eseye double chasnèj yo, ni swiv yo twò pre. Kote ki gen plis sekirite pou chofè machin yo woule se lwen dèyè chasnèj yo, kote wout la klè epi gen sèl sou li.

Pou plis enfòmasyon sou sekirite nan tan ivè, tanpri ale sou sit wèb Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis Ijans la nan <http://www.dhSES.ny.gov/oem/safety-info>.

###

Lèt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
 Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)